

Pou Piblikasyon Imedya: 19/11/2019

GOUVÈNÈ ANDREW M. CUOMO

GOUVÈNÈ CUOMO ANONSE 56.5 MILYON DOLA POU MOUN AK FANMI KI SANZABRI YO NAN TOUT ETA A

Kenz pwojè pou kreye apeprè 600 inite lojman pou veteran, sivivan vyolans domestik, granmoun aje ak moun ki gen maladi mantal yo

Gen jiska 7.5 milyon dola kòm finansman ki toujou disponib pou pwojè nan Vil New York ak nan katye yo

Gouvènè Andrew M. Cuomo te anonse jodi a gen 56.5 milyon dola kòm finansman piblik ki te ale nan 15 pwojè ki pral kreye lojman pou moun ak fanmi ki sanzabri yo. Pwojè yo, ki jwenn finansman atravè Pwogram Lojman Ak Asistans pou Sanzabri (Homeless Housing and Assistance Program) nan Biwo pou Asistans Tanporè ak Andikap (Office of Temporary and Disability Assistance, OTDA) nan Eta New York, pral kreye apeprè 600 inite lojman sipèvize pèmanan ak 40 kabann abri dijans pou veteran, sivivan vyolans domestik ak moun ki gen maladi mantal.

Pwogram nan toujou ap aksepte aplikasyon pou 7.5 milyon dola kòm finansman ki disponib pou pwojè yo nan Vil New York ak katye li yo - konte Westchester, Nassau ak Suffolk - ak pou reparasyon abri dijans.

"Finansman sa pral ede pou bay kèk nan rezidan ki pi vilnerab nou yo yon kote ki san danje ak estab pou yo rete ansanm avèk aksè ak sèvis sipò yo bezwen", **Gouvènè Cuomo te deklare.** "Pwojè sa yo se yon pa anplis pou asire ke tout rezidan New York yo gen aksè ak lojman abòdab nan kominote yo."

"Manman mwen se te yon avoka pou viktim vyolans domestik yo e mwen fyè pou kontinye ak eritaj li lè m ap ede sila yo ki nan bezwen", **Gouvènè Adjwen Kathy Hochul te deklare.** "Nou angaje nou pou envesti nan lojman abòdab ak sèvis sipò nan New York pou ede rezidan New York nou yo ki pi vilnerab yo, ki gen pami yo viktim vyolans domestik yo, veteran brav nou yo ak moun ki gen maladi mantal yo. Finansman konsiderab sa a pral ede asire yon bon jan kalite kote ki a pri abòdab pou moun viv, epi kontinye ak efò nou ap fè yo pou konbat sitiyoasyon sanzabri atravè Eta a."

Efò sa yo fè pati angajman Gouvènè a pran pou l bay tout Nouyòkè yo aksè a lojman sekirite ki nan pri abòdab, sa ki refleto nan Plan Lojman san presedan 20 milya dola sou senkan Eta a genyen an. Plan an ap rann lojman aksesib epi konbat pwoblèm sanzabri a lè yo konstwi ak prezève plis pase 100,000 inite lojman ki nan yon pri abòdab ak 6,000 inite lojman sipèvize.

Komisè Biwo Asistans Tanporè ak Andikap Eta New York la, Mike Hein, te deklare, "Sou pouvwa Gouvènè Cuomo a, New York se te yon lidè nan angajman li

anvè pisans lojman sipèvize pou rezoud pwoblèm sanzabri a. Envesti nan pwojè tankou sa yo rapwoche nou pou asire ke tout rezidan New York yo gen aksè ak lojman ki san danje, desan ak abòdab".

Òganizasyon ki ap resevwa finansman Pwogram Lojman ak Asistans pou Sanzabri an ki gen ladan:

Opportunities for Broome, Inc., Konte Broome - 7.5 milyon dola

Pwojè sa a pral kreye 27 inite ak 80 kabann pou lojman sipèvize pou fanmi ak moun ki sanzabri yo. Gen kat estrikti ki egziste, delabre anba lavil Binghamton ki pral renove pou lojman sipèvize. Sèvis sipò yo pral gen ladan enfòmasyon ak referans, seyans konsèy ansanm ak travay, asistans medikal ak edikatif.

DePaul, Konte Oswego - 6.6 milyon dola

Preparasyon lojman sipèvize ak abòdab sa a pral bay yon total 80 inite ak 148 kabann, ki gen ladan 40 inite lojman sipèvize ak 64 kabann pou granmoun aje ki gen maladi mantal ki sanzabri. Sa fè pati pwojè 26.8 milyon dola ki gen ladan nouvo konstriksyon yon bilding kat etaj ki gen pakin nan sousòl la anba lavil Oswego. Sèvis sipò yo ap gen ladan jesyon dosye, swen medikal ak travay, asistans edikatif ak rekreyatif.

Volunteers of America of Greater NY, Bronx - 6.1 milyon dola

Finansman sa pral ede preparasyon yon lojman sipèvize ak abòdab ki koute 72.8 milyon dola ki pral kreye 118 inite ak 144 kabann, ki gen ladan 37 inite ak 37 kabann pou lojman sipèvize pèmanan. Sèvis sipò yo ap gen ladan jesyon dosye, sèvis sante, fòmasyon sou konpetans chak jou yo ak jesyon finansye.

Concern for Independent Living, Inc., Bronx - 4.9 milyon dola

Finansman sa a sipòte konstriksyon yon bilding 12 etaj, pou itilizasyon miks ki koute 64.5 milyon dola nan Bronx ki gen yon total 106 inite ak 218 kabann, ki gen ladan 47 inite ak 47 kabann lojman sipèvize pèmanan pou moun ki sanzabri yo. Pwojè a gen ladan tou sèvis sipò, espas kominotè ak komèsyal. Sèvis sipò ki bay yo ap gen ladan entèvansyon pou kriz, fòmasyon sou konpetans pou lavi chak jou, transpò, rekreyasyon ak koneksyon ak sèvis nan kominote a.

The Doe Fund, Bronx - 4.9 milyon dola

Pwojè lojman sipèvize ak abòdab sa a pral prepare yon bilding nèf etaj avèk 98 inite ak 171 kabann an total, ki gen ladan 49 inite lojman sipèvize pèmanan pou moun ki sanzabri yo. Pri total pwojè an te plis pase 48 milyon dola. Sèvis sipò yo ap gen ladan jesyon dosye, asistans pou avantaj yo ak asistans nitrisyonèl ak rekreyatif.

Step by Step, konte St. Lawrence - 4.5 milyon dola

Pwojè sa te enplike renovasyon yon ansyen lekòl pou fè li tounen 20 inite ak 22 kabann lojman sipèvize pèmanan. Sa ap gen ladan 18 apatman yon pyès pou moun sanzabri yo ak de(2) apatman pou koup sanzabri yo. Sèvis sipò yo ap gen ladan jesyon dosye, gwoup èd pèsonèl ak kou sou sante ak byennèt epi konsèy sou avantaj yo.

JCTOD, Konte Oneida - 4.5 milyon dola

Preparasyon lojman sipèvize ak abòdab sa a pral kreye 62 inite ak 90 kabann, ki gen ladan 31 inite lojman sipèvize ki gen yon chanm pou dòmi pou granmoun aje ki sanzabri

yo. Johnson Park Green Community Apartments ki koute 16 milyon dola a ap gen ladan twa bilding rezidansyèl ak yon katriyèm bilding k ap yon sant kominotè nan kat sit ozalantou Johnson Park nan Utica. Sèvis sipò yo gen ladan jesyon dosye, transpò, kou sou byennèt ak asistans nan lavi chak jou.

Catholic Family Center, Konte Monroe - 4 milyon dola

Pwojè sa a pral prezève yon abri dijans ki gen 40 kabann epi kreye nèf inite lojman sipèvize pèmanan pou selibatè, gason granmoun avèk renovasyon St. Francis Center nan Rochester. Ap gen antre apa pou abri dijans lan ak inite pèmanan yo. Sèvis sipò yo gen ladan jesyon dosye, sèvis medikal prevantif ak konstriksyon sistèm sipò.

Delta Development, Konte Erie - 3.6 milyon dola

Preparasyon lojman sipèvize ak abòdab sa a gen ladan yon total 67 inite ak 125 kabann, 21 inite pou moun sanzabri yo ki gen plis pase 55 an nan Cheektowaga. Konstriksyon pwojè 21 milyon dola sa a ap enplike gwo renovasyon yon bilding ki gwo ak miks ki te konn itilize anvan sa kòm lekòl. Sèvis sipò yo gen ladan jesyon dosye, sèvis sosyal pou sila ki pi aje yo, sèvis sante fizik ak konpòtmantal ak konpetans sou lavi endepandan.

CARES, Konte Albany - 3.3 milyon dola

De (2) nouvo bilding pral konstwi nan Albany, k ap gen ladan 15 inite ak 27 kabann nan lojman sipèvize pèmanan, nèf inite yon sèl chanm pou dòmi ak sis inite de(2) chanm pou dòmi, pou fanmi ak moun ki sanzabri yo. Uit nan inite yo pral rezève pou jèn granmoun. Sèvis sipò yo ap gen ladan fòmasyon edikatif ak sou travay, planifikasyon finansye, transpò ak sèvis espesifik pou jèn yo.

Westhab, Inc., Konte Westchester - 1.7 milyon dola

Yon bilding rezidansyèl ki gen sis etaj avèk 24 inite ak 46 kabann pou lojman sipèvize pèmanan yo pral sibi kèk ti renovasyon. Renovasyon ki pwopoze yo gen ladan ranplasman twati, amelyorasyon efikasite enèji ak ranplasman lòt eleman enpòtan nan bilding lan. Sèvis sipò yo ap gen ladan jesyon dosye, tankou fòmasyon pwofesyonèl, preparasyon pou travay ak fòmasyon pou travay.

Christopher Community, Konte Cortland - 1.5 milyon dola

Finansman sa a pral sipòte nouvo konstriksyon yon bilding twa etaj ki koute 7.5 milyon dola pou kreye 25 inite ak 57 kabann lojman sipèvize pèmanan pou fanmi sanzabri yo. Sèvis sipò yo ap gen ladan seyans konsèy, asistans pou jwenn manje, founiti ak materyèl lekòl, asistans finansye ak jiridik epi aksè ak transpò.

Dimitri House, Konte Monroe - 1.3 milyon dola

Yon bilding twa etaj nan Rochester ap sibi gwo renovasyon pou prepare sis inite ak sis kabann nan lojman sipèvize pèmanan pou moun ki toujou sanzabri yo. Sèvis sipò yo ap gen ladan fòmasyon edikatif ak pwofesyonèl, seyans konsèy ak entèvansyon lè gen kriz, fòmasyon sou konpetans lavi ak asistans pou manje/nitrisyonèl.

Volunteers of America of Western New York, Inc., - Konte Monroe - 1.2 milyon dola

Sa a ap ajoute sèt apatman yon pyès kòm lojman sipèvize pou moun ki toujou sanzabri yo nan yon pwojè ki deja egziste, ke yo konnen kòm Cooper Union, ki deja gen ladan

45 inite yon sèl chanm pou moun sanzabri itilize. Nouvo inite yo nan premye etaj la ap gen yon espas pou salon/dòm ak yon ti kwizin, pandan ke twalèt yo ak douch yo ap pataje. Nan premye etaj la, ap genyen tou yon espas lesiv, depo, yon sal reyinyon kominotè ak biwo yo. Sèvis sipò ki bay yo gen ladan jesyon dosye, sipò pou retablisman, oryantasyon edikatif ak preparasyon pou travay.

New Ground, Inc., Konte Nassau - 418,000 dola

Finansman an ap itilize pou fè gwo renovasyon nan kay pou yon sèl fanmi nan Bethpage, nan kreye yon inite ak senk kabann lojman sipèvize pèmanan pou yon fanmi ki toujou sanzabri nan kominote a. Sèvis sipò yo ap gen ladan enfòmasyon ak referans, sèvis pou travay, sèvis edikasyon ak preparasyon sou konpetans lavi endepandan.

Pwogram Lojman ak Asistans pou Sanzabri an ap bay sibvansyon ak prè kapital pou kòporasyon san bi likratif yo, òganizasyon charitab ak relijye yo, ak minisipalite yo pou yo ka achte, konstwi, oswa repare lojman pou moun ki pa kapab jwenn lojman ki adekwat san asistans espesyal yo. Yo te bay sibvansyon yo atravè yon pwosesis konpetitif ki te fèt pa New York State Homeless Housing and Assistance Corporation (Kòporasyon Lojman ak Aistans pou Moun ki Sanzari nan Eta New York), ki se yon kòporasyon avantaj piblik ki gen pèsònèl OTDA.

###

Lòt nouvèl disponib sou sitwèb www.governor.ny.gov
Eta New York | Chanm Egzekitif | press.office@exec.ny.gov | 518.474.8418

[ANILE ENSKRIPSYON OU](#)